



2023 – 2024 FÒM POU MIZAJOU ENFÒMASYON JÈN ELÈV KI GEN LYEN AK LAME

Tout lekòl piblik Delaware ki kòmanse avèk ane lekòl 2016 – 2017 la oblije idantifye chak ane elèv ki enskri ki se “jèn ki gen lyen ak lame” dapre **14 DE Admin. Kòd 932, 14 Del.C.**

Chapit 1, §122 (b) (28), 10 U.S.C. §101 (d) (2014), ak Nouvo Lwa Tout Elèv Reyisi (2015), 20 U.S.C. 6301 et seq. nan yon fason pou pètèt bay elèv ou a sipò adisyonèl ak sèvis si sa nesèsè.

Tanpri, li deklarasyon sa yo epi tcheke bwat anba a ki apwopriye a.

- Si ou se yon paran oswa yon paran pa alyans, tcheke sèlman bwat ki espesyalman aplikab pou ou, estati sèvis ou ak branch ou nan fòs lame Etazini an.
- Si ou se yon paran oswa yon paran pa alyans ki koresponn ak definisyon premye oswa dezyèm bwat la, epi gen yon manm fanmi pwòch ki abite nan menm kay la ki koresponn ak definisyon twazyèm bwat la, nan ka sa a, yo ta dwe tcheke tou de bwat yo.
- Si elèv ou a pa yon “jèn ki gen lyen ak lame”, tanpri tcheke katriyèm bwat la, “pa aplikab”.

PARAN OSWA PARAN PA ALYANS

“**Sèvis Aktif**” - Mwen se yon paran oswa yon paran pa alyans ki se yon manm “sèvis aktif” nan Fòs Ame (Lame Etazini, Marin Etazini, Fòs Aeryen Etazini, Kò Marin Etazini, oswa Gad Kòt Etazini) dapre 10 U.S.C. §101 (d) (2014), ak nouvo Lwa Tout Elèv Reyisi (2015), 20 U.S.C. 6301 et seq.

“**Sèvis aktif/Pran Retrèt Dènyèman/Rezèv/Idantifye kòm yon Veteran Andikape/Mouri nan Konba**” - Yon paran oswa paran pa alyans **ki abite nan menm kay la**, ki nan sèvis aktif, k ap sèvi nan eleman rezèv la, idantifye kòm yon veteran andikape, mouri nan konba, oswa pran retrèt dènyèman (nan lespas 18 mwa anvan 30 septanm nan ane lekòl aktyèl la) de yon branch nan fòs ame Etazini yo. Branch sa yo konpoze de Lame Etazini, Fòs Aeryen Etazini, Kò Marin Etazini, Marin Etazini, Gad Nasyonal, Gad Kòt Etazini, Administrasyon Nasyonal Oseyanik ak Atmosferik oswa Sèvis Sante Piblik Etazini dapre **14 DE Admin. Kòd 932, 14 Del.C.** Chapit 1, §122 (b) (28), 10 U.S.C. §101 (d) (2014).

MANM FANMI PWÒCH OSWA TOUT LÒT MOUN KI ABITE NAN MENM KAY

“**Sèvis aktif/Pran Retrèt Dènyèman/Rezèv/Idantifye kòm yon Veteran Andikape/Mouri nan Konba**” - Yon manm fanmi pwòch, ki gen ladan yon frè/sè oswa tout lòt moun ki **abite nan menm kay la**, ki nan sèvis aktif, k ap sèvi nan eleman rezèv la, idantifye kòm yon veteran andikape, mouri nan konba oswa pran retrèt dènyèman (nan lespas 18 mwa anvan 30 septanm nan ane lekòl aktyèl la) de yon branch nan fòs ame Etazini yo. Branch sa yo konpoze de Lame Etazini, Fòs Aeryen Etazini, Kò Marin Etazini, Marin Etazini, Gad Nasyonal, Gad Kòt Etazini, Administrasyon Nasyonal Oseyanik ak Atmosferik oswa Sèvis Sante Piblik Etazini dapre **14 DE Admin. Kòd 932, 14 Del.C.** Chapit 1, §122 (b) (28), 10 U.S.C. §101 (d) (2014).

PA APLIKAB

Non Elèv: _____

Klas: _____

Non Lekòl la: _____

Non Pwofesè Titilè a: _____

Tanpri retounen fòm sa a bay pwofesè titilè elèv ou a nan Lendi 18 Septanm 2023 oswa anvan.